QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASI'
XALI'Q BİLİMLENDİRIW MİNİSTRLİGİ

No'kis q. A.Dosnazarov k. 62 u'y, tel: 8 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30,
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

---

14 - апрель 2021 j. **01-04/03-1863 - sanli**

**Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими баслығы П.Ақназаровка**

*Көмирмеси:* Нөкис қалалық 19-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директоры З.Бекжановаға

Сизге, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң атына 2021-жыл 13-апрель күни бөлимиңизге қараслы 19-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директоры З.Бегжанованың министрликке Жәм-187-саны менен кирис болған мүрәжатын тийисли тәртипте толық үйренип шығыў ушын жибермекте.

Сизден, Юридикалық ҳәм физикалық шахслардың мүрәжаатлары ҳаққында»ғы Нызам талапларына муўапық усы жылдың 20-апрель сәнесине шекем мүрәжатта көрсетилген шахслар ҳәм мүрәжат ийеси менен биргеликте толық үйренип шығып, бөлимиңизге қараслы 19-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директоры З.Бегжановаға жазба түрде жуўап хатын бериўиңизди ҳәмде министрликке мағлыўмат бериўиңизди сорайман.

***Еслетпе:*** *Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими баслығы П.Ақназаров, мүрәжат ийеси З.Бегжанова ҳәм мүрәжатта көрсетилген барлық хызметкерлердиң түсиник хатларын алып, ХББ тәрепинен мүрәжат ийесине берилген жуўап хатынан нусқасын, почта квитанциясы менен толық министрликке усыныўына Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими баслығы П.Ақназаров тиккелей жуўапкер екенлиги ескертиледи.*

***Қосымша 15 беттен ибарат:***

**Министр** **Р. Реимов**

Орынлаўшы: И.Балтабаев
Тел: (61) 222-95-13

Қарақалпақстан Республикасы
халық билимлендириў
Министри Р.М.Реймовқа

Нөкис қалалық 19-санлы мектеп
директоры З.Н.Бегжановадан

## а р з а

Усы арзам арқалы Сизге мәлим етип билдиремен себеби, Нөкис қалалық 19-санлы улыўма билим бериў мектебиниң 4-блогин Руспубликалық « ПРОГЕЕСС » ( ҳәзирги 46-санлы мектеп ) 2015-жылдан 2020-жылға шекем 5 жыл даўамында шәртнама тийкарында пайдаланып ҳеш қандай ремонт жумысларын ислемеди.4-блогтың жағдайы менен танысып, имараттың тазалығы бойынша бир неше мәрте ескертиў берилди, қанша ескертиў берилиўине қарамастан, ҳеш қандай ремонт жумысын алып бармай, қараўсыз, ҳеш кимге хабарласпай 2020-жыл 7-март куни ашынарлы жагдайда босатып таслап кетти. Бир неше мәрте « ПРОГРЕСС » орайы ҳәзирги 46-санлы мектеп ) директоры Абдикаримова Мадина Бердихановнаның алдына директор орынбасарларымды жибергенимде « ремонт ислеп береалмайман ( баратын жериңизге барың)» деген созлер айтылған.

Балалар тәлим-тәрбия алатуғын орынды усындай жағдайда таслап кетиўи, босатып кетип баратырғанлығы ҳаққында бир аўыз сөз айтпаўы бул педагогқа туўры келмейтин ис емес пе? « Прогресс » те оқыйтуғын балада халықтың баласы, әпиўайы мектепте оқыйтуғын балада халықтың баласы. Ҳәзирги кунде мектеп 4-блогиниң ишки көриниси (гоне тамдай ) төмен жағдайда. 2021-жыл октябрь айында Президент сайлаўын өткериў ушын мектептиң 4-блоги талапқа жуўап бермейтуғын ҳалда. Соның менен бирге мектепте дөгерек жумысларының турақлы турде өткерилиўине хәм пандемия жағдайына тийкарланып аралықты сақлаў мақсетинде, мектеп ушын жуда зәрур болыўына байланыслы, ремонт ислеп бериўге әмелий жәрдем бериўиңизди сорайман.

Мектептиң 4-блогин ремонт ислеп бериў ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў Министрлигине, Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлиминеде бир неше мәрте жазба ҳәм аўызеки турде мурәжәәт еткен едик.

1.Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлим баслығы П.Акназаровқа 52-санлы дизим менен 28-сентябрь 2020-жыл,

2.Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў министри А.Аяповқа 65-санлы дизим менен 15-октябрь 2020-жыл,

3. Нөкис қаласы хәкими П.Төрешовқа 66-санлы дизим менен 15-октябрь 2020-жыл,

4.Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлим баслығы П.Акназаровқа 2-санлы дизим менен 4-январь 2021-жыл,

5.Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў Министри 6-санлы дизим менен 18-январь 2021-жыл,

6. Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлим баслығы П.Акназаровқа 7-санлы дизим менен 18-январь 2021-жыл мурәжәәт етилген еди бирак усы кунге шекем ҳеш қандай нәтийже болмағанлығы себепли қайтадан Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў Министрлигине мурәжәәт етиўге мәжбур болдым ҳәм усы арзам көрип шығылып, мектептиң 4-блогина ремонт ислеўге әмелий жәрдем бериледи деген умиттемен.

( жиберилген хатлар нусқасы ҳәм 4-блоктың аянышлы суўретлери қоса тигиледи )

**Нөкис қалалық 19-санлы**
**мектеп директоры:** **З.Н.Бегжанова**



QR XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
KIRIS № 187
13 04 2021